



Haitian Creole Edition
Grade 5 Mathematics Test, Book 2
March 3–7, 2008

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 2

Ane **5**

3–7 mas 2008

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2008 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

27

Tablo ki anba a montre kantite pwason senk moun diferan te peche pandan yon semenn nan yon vwayaj lapèch.

TOTAL PWASON

Non	Kantite pwason yo te peche
Joel	17
Kim	25
Carla	16
Apollo	18
Madison	14

Ki kantite pwason an mwayèn yo te peche pandan vwayaj la?

Montre travay ou.

Repons _____ pwason

Kontinye

28

Mis Boone te mande elèv li yo pou yo ekri senk nonb pou fòme yon modèl. Darren te ekri modèl ki anba a.

35, 70, 105, 140, 175

Sou liy ki anba yo, eksplike modèl Darren lan.

Rosa te ekri yon modèl ki swiv règ $n \times 5$, kote n reprezante nonb anvan ki nan modèl la. Ekri kat pwochen nonb ki nan modèl Rosa a avèk règ sa a.

3, _____, _____, _____, _____




Sèvi ak rapòtè ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Pati A

Pwofesè Gil la te mande li pou l trase yon ang obti ki mezire 100° . Nan espas ki anba a, trase ang Gil la.

Pati B

Answit pwofesè Gil la trase $\angle P$ jan yo montre sa anba a.



Ki mezi $\angle P$?

Repons _____ degre

Kontinye

30

Emily te fè koleksyon de kalite kokiyaj diferan. Sou kantite total kokiyaj ki nan koleksyon li a, 20% se kokiy kòn. Rè la se kokiy tilip.

Pati A

Ekri yon **desimal** ki ekivalan a pousantaj kokiy **kòn** ki nan koleksyon Emily a.

Repons _____

Pati B


Ekri yon **fraksyon** ki ekivalan a pousantaj kokiy **tilip** ki nan koleksyon Emily a. Ekri fraksyon w lan nan fòm ki pi senp lan.

Montre travay ou.


Repons _____

31


Yon aks simetri kapab trase sou sèlman de nan figi anba yo.



Figi A



Figi B



Figi C



Figi D


Trase yon aks simetri sou de figi yo.

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou te jwenn repons ou.

Kontinye

Yo te anrejistre obsèvasyon tanperati pa èdtan pandan yon piknik nan lekòl la sou grafik lineyè anba a.

TANPERATI NAN PIKNIK LEKÒL LA



Pati A

Pwofesè yo te kòmanse bay elèv yo krèm alaglas a 12è00. Ki tanperati yo te obsève nan moman sa a?

Repons _____ degre

Pati B

Ant ki de zèdzan tanperati a te chanje **mwens**?

Repons ant _____ ak _____

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou te jwenn repons ou.

Kontinye

33



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Mesye Frank trase segman dwat ki anba a pou elèv klas senkyèm ane li a.



Pati A

Ki mezi segman dwat mesye Frank lan an santimèt?

Repons _____ santimèt


Pati B

Nan espas ki anba a, trase yon segman dwat ki genyen 3 santimèt **pi long** pase segman dwat mesye Frank lan.

Nan espas ki anba a, trase yon segman dwat ki genyen 2 santimèt **pi kout** pase segman dwat mesye Frank lan.

34

Chak kote egzagòn yo montre anba a genyen menm longè.



[pa trase selon echèl la]


Pati A

Ki perimèt egzagòn lan?

Repons _____ santimèt

Pati B

Perimèt pentagòn yo montre anba a se 39 santimèt.



[pa trase selon echèl la]

Ki longè kote A an santimèt?

Montre travay ou.

Repons _____ santimèt

RETE LA

Place Student Label Here



Ane 5
Egzamen Matematik
Liv 2
3–7 mas 2008

Grade 5
Mathematics Test
Book 2
March 3–7, 2008

The McGraw-Hill Companies
